

Patenè federal yo te alète nou resaman sou yon ti kantite evènman endezirab grav ki te enplike vaksen Johnson & Johnson (Janssen) lan.

Pandan ke evènman sa yo parèt ekstrèmeman ra, pa anpil prekosyon nou te fè yon pòz nan administrasyon vaksen Johnson & Johnson lan nan Vil New York, apati madi (13/4).

Ka CDC ak FDA ap revize yo enplike yon tip kayo sangen yo rele twonboz sinis nan venn sèvo (CVST).

Moun ki te resevwa vaksen J&J a ki devlope maltèt, doulè abdominal, doulè nan janm, oswa souf kout ki grav nan yon peryòd twa semèn apre vaksinasyon an ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante yo.

Aprann plis sou vaksen kont COVID-19 yo:
nyc.gov/covidvaccine

Haitian Creole

